

Pou yon tan limite, ou ka peye dèt pansyon
alimentè NYC **de fwa pi vit ak**

PAY IT OFF



Foto yo se model yo itilize kòm
desen sèlman.

Ant 2 mas ak 13 mas 2026, jwenn yon kredi dola pou dola sou peman ki kalifye
ou fè pou peye reta pansyon alimentè NYC DSS, jiska kantite lajan ou dwe a.

Rediksyon mwayèn
dèt la se **\$4,800** pou
chak ka!

Prèske **5,000** paran
ki pa gen gad timoun
yo te patisipe nan
pwogram Pay It Off.

Patisipe nan 3 etap fasil:

1

Siyen yon Akò.

- Chak ka pansyon alimentè ou genyen
mande yon akò separe.



2

Fè yon peman \$500 oswa plis ant 2 mas ak
13 mas 2026.

- Lè w ap fè peman ou, ekri "Pay It Off" ak ID
ka pansyon alimentè ou sou peman yo.
- Fè peman an nan non "NYS Child Support
Processing Center".
- OCSS ap voye yon resi ba ou pa lapòs.



3

Redui dèt ou plis toujou.
Gade tout opsyon ki anba yo.

**Soumèt akò yo ki ranpli epi siyen yo, ansanm ak yon kopi kat idantite ou ak foto, ant 2 mas ak
13 mas 2026.**

Voye yon imèl nan:

dcse.cseweb@dfa.state.ny.us,

pandan w ap ekri nan seksyon objè
a "Pay It Off".

Mete non konplè ou ak ID ka
pansyon alimentè ou (pa egzanp,
AB12345X1) oswa dat nesans ou.

Prezante San Randevou:

Sant Sèvis san Randevou pou Kliyan OCSS
151 West Broadway, 4yèm Etaj
New York, NY 10013

Lè Biwo a Louvri: Lendi – Vandredi,
8 AM – 6 PM (eksepte jou ferye ak wikenn)
Oswa vizite nenpòt biwo Tribinal Fanmi.

Lapòs:

OCSS – Pay It Off
PO Box 830
Canal Street
Station
New York,
NY 10013

Diminye Dèt Ou Plis Toujou!

- Enskri nan **Pwogram Kredi Reta (Arrears Credit Program, ACP)** epi jwenn yon
rediksyon dèt anplis jiska \$2,500, si ou poko enskri. Avèk ACP, ou ka jwenn jiska
\$15,000 anplis nan rediksyon dèt pandan 3 ane. Jwenn aplikasyon an nan
nyc.gov/ocss-debt-reduction oswa eskane kòd QR la.



- **Peye kapital jijman lajan ou dwe DSS la** (sa ou dwe anvan enterè) epi yo pral retire enterè yo.

**Gade yon egzantp sou kòman nou kapab diminye dèt la epi jwenn plis enfòmasyon sou
nyc.gov/payitoff.**

FLY-960 (HC) 1/22/2026

(E) rev. 1/15/2026